**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Хызмет сапары ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 13-майдағы 392-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 15-апрельдеги 02-698-санлы хатына муўапық усы жылдың 19-30-апрель күнлери улыўма билим бериў мектеплеринде ислеп атырған екинши категорияға талабан муғаллимлер ушын қәнигелик (тест) сынаўлары өткерилиўи белгиленген.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Билими сапасы процесслерин муўапықластырыў, педагог хызметкерлерди таярлаў ҳәм билимин арттырыў басқармасының "Улыўма билим бериў мәкемелериниң екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлер ушын тест сынаўларын өткериў кестеси ҳәм бириктирилген қәнигелер дизими"не тийкарланып төмендеги аты көрсетилген хызметкер 2021-жыл 18-30-апрель күнлери аралығында тийкарғы жумыс орнынан ис ҳақысы сақланған ҳалда Хорезм ўалиятына хызмет сапарына жиберилсин.

Бегдуллаев Ҳ - министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлиминиң баслығы

Хызмет сапары қәрежетлери тийкарғы жумыс орны есабынан төленсин.

***Тийкары:*** *Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы* Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 15-апрельдеги 02-698-санлы хаты, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Улыўма билим бериў мәкемелериниң екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлер ушын тест сынаўларына бириктирилген қәнигелер дизими.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
«16» Апрель 2021-жыл
«97»санлы буйрығы